Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 49 (7553)
1 декабрь
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Аппараталъул данделъи



Араб анкьил ахиралда «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул кабинеталъуб букIана иргадулаб аппараталъулаб данделъи. Гьенир балагьулел аслиял суалал рукIана финансовияб рахъалъ, хасго налогал рачIинарун районалъул бюджет тIубазаби, районалда тIоритIулел ремонталъулал, бакIал раялъул хIалтIаби квачалелде гьарун рагIалде рахъинари ва лъай кьеялъул рахъалде кIвар кьей гIадал.

Данделъиялда кIалъарав рай-администрациялъул экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуевас тIадчIей гьабуна исана районалъ налогал ракIариялъул план I02 проценталъ тIубазабунин. Гьенибго бетIерасул тIоцевесев зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъовас бихьизабуна районалда ремонталъулгун бакIал раялъул хIалтIаби хасаб планалда рекъон унел ругин. Лъай кьеялъул нухмалъулев МухIамад ХIайбулаевас лъазабуна киналго росабазул школал хIажатабщинаб оборудованиялдалъун хьезарунин, хIалтIаби гьарулел ругин хасалил заманаялъе школазда хинлъи букIинабиялъе, школазда цIалулгун тарбия кьеялъул рахъ лъикIлъизабиялъе.

КIалъалаго бетIер ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабун ракIалде щвезабуна гIагарал къоязда МахIачхъалаялда букIине бугеб росдал магIишаталъул ярмаркаялъул хIакъалъулъ. Гьеб букIине буго 3 декабралда. Гьениб гIахьаллъи гьабиялъе гьаризесел тадбиразул рахъалъ тIадкъана районалъул росдал магIишаталъул отделалъул нач. Ж. Якъубовасда ва культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевасда.

Спецоперация

## Къуваталъуласе – Баркалаялъул Кагъат

26 ноябралда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана РДялъул отделалъул Югалъулаб округалда вугев Федералиябгун Пачалихъияб «ВОХР» централъул срелок ХIажимухIамадов МухIамадсайгид Хизриевичгун. БетIерас дандчIваялда М-С. Хизриевичасе кьуна РФялъул Рагъулал Къуватазул хассаб операциялда Украиналъул националиял формированиялдаса Донбасс эркен гьабиялъулъ лъураб бутIаялъухъ ва ВатIаналда цебе тIадаб налъи намус бацIцIадго тIубазабиялъухъ районалъул рахъалдасан Баркалаялъул Кагъат.



- Дун вохарав вуго гIумроялъе бугеб хIинкъиялде вачIинчIого, щибаб минуталъ къвакIи ва къо хIехьей бихьизабулаго ВатIаналда цебе Дуца тIадаб налъи тIубалеб бугеб куцалдаса. Дица ракI-ракIалъ гьарула нилъер васазе, ай СВОялъул операция унел зонабазда рухIалда барахщичIого къеркьолел гIолохъабазе щулияб сахлъи, лъикIлъи, рохел, къвакIи, къо хIехьон бажари, бищунго кIвар киназего бугеб хехаб бергьенлъи!

Биччанте къокъаб заманалда нилъер васал Бергьенлъигун жидерго сабру хун ралагьун чIун ругел улбузухъе, лъудбузухъе, вацяцазухъе, лъималазухъе тIад руссине! ГIодов къулун къимат гьабула рекIелъ рухIелгун гьезухъ ралагьун чIарал эбел-инсул, гьез лъималазе кьураб лъикIб тарбиялъухъ ва къварилъи хIехьеялъухъ,-ян абуна хадубги рагъухъангун дандчIвалаго ГI. НурмухIамадовас.

ХIажимухIамадов МухIамадсайгид Донецкиялъул Халкъияб Республикаялде витIун вукIана гьенир ругел социалиялгун кIвар бугел объектал цIунизе, гьединго стратегическияб кIваралъул объектазда хурхун референдум тIобитIиялъе.

Барки

## Баркула гьавураб къо!



Гьал къоязда жиндирго гьавураб къо кIодо гьабулеб буго РДялъул Халкъияб Собраниялъул анкьабилеб нухалъул созывалъул районалдасан вищарав депутат, РДялъул НСалъул промышленносталъул, ЖКХялъул, транспорталъул ва нухазул магIишаталъул Комитеталъул член МухIамадов МухIамад ГIабдулмажидовичас.

РакI-ракIалъ баркула Дуда гьеб Къо! Мун вуго Унсоколо районалъул унго-унгояв патриот, ракьцоялгун ракIалъги рухIалъги вухьарав инсан. Дуца гIемераб хIалтIи гьабулеб буго дагъистаниязул гIумро-магIишат лъикIлъиялъе.

Гьарула Дуе щулияб сахлъи, кинабго лъикIлъи, талихI, битIккей!

**ХIурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетIер**
**ГI. НУРМУХIАМАДОВ**

## Авалалъул гIадамазул - бетIерасе баркала!

Унсоколо росдал кIкIаламухъазда ХIамзатовасул ва Дахадаевасул цIаразда ругел нухазда дагьаб цебегIан тIоритIана ремонталъулал хIалтIаби. Цойги нухалъ рихьизаруниги гьел рукIана рарал цIадаз кидаго хвезарулел, хъитIал лъугьунел, автотранспорт хьвадиялдаса унел нухал. Гьелъ лъелго хьвадиялъеги чIахIиял захIмалъаби дандчIвалаан цебе.

Нух къачIаялъе бетоналъул сангар гьабуна кIкIалалдаги лъелго рилъунеб нухалдаги бакьулъан, лъар нухде бачIунеб гьечIолъиялъул кIудияб санагIалъи буго гьанже нухлул. Гьеб абуни букIана гIемерал саназ баччараб захIмалъи.



Жакъа кIиябго къватIалъул гIумро гьабун ругез кIудияб баркала загьир гьабулеб буго «Унсоколо район» МОялъул бетIер НурмухIамадов ГIиса МухIамадовичасе росулъго къадарал гьел нухал къачIаялъе гIарац биччаралъухъ ва тIаде кIвар кьуралъухъ. Гьарула Дуе сахлъи, лъикIлъи ва гьарарабщинаб, гьединго хадурккун тIуразарулел тIадал ишазулъ тIадегIанал хIасилал.

РакI-ракIалъ баркала кьола Дуе, ГIиса МухIамадович!

**Авалазул гIадамал.**

Ахихъан
Районалъул газета
№ 48 (7553)
Хамиз
1 декабрь 2022 сон



23 ноябралда ВКСалъул режималда данделъи букIана РДялъул Правительствалда. Гьелъие нухмалъи гьабуна Правительствалъул председатель Н. Абулмуслимовас. Данделъиялда гIахьаллъана районазул бутIрулги. Росдал магIишаталъул къоялъул хIурматалда 3 декабралда МахIачхъалаялда букIине бугеб ярмаркаялъул бицана гьениб. Гьениб гIахьаллъи гьабизе буго нилъер районалъги.

ДандчIвай

## Росдал вакилзабигун дандчIвана



28 ноябралда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов жиндирго кабинеталъув дандчIвана Балахьуни росдал вакилзабигун. Гьенир рорхана Балахьуни росулъ бугеб речIчIухьабазул зал къачIаялъул, лъим бачиналъул, цIияб ясли-ах баялъул, подстанциялъул, ай росулъ электроэнергия букIинабиялъул суалал. ДандчIваялда гIахьаллъана бетIерасул тIоцевесев зам. Хъ-М. ГIабдулхаликовги.

КIалъазе рахъаразухъги гIенеккун бетIерас Хъ-М. ГIабдулхаликъовасе тIадкъай кьуна вакилзабаз цере лъурал масъалаби тIуразариялъе проекталъулгун сметияб документация гьабизе. Подстанциялъул рахъалъ бетIерас лъазабуна тIоцебесеб иргаялда подстанция бугеб нужерго территориялда собственносталъул бет1ергьанасул рагIи данде ккезабеян.

ДандчIваялъул ахиралда гIенеккаралъухъ ва хIисабалде росарал масъалаби тIуразе нухал ратаралъухъ бетIерасе баркала загьир гьабуна росдал вакилзабаз.

Спорт

## Нилъер ракьцоясул бергьенлъи



2022 соналъул 20 ноябралда Таиландалда тIобитIана Тайский боксалъул рахъалъ Дунялалъулго тIоцебесеб бакIалъе гIоло турнир. Гьенив гIахьаллъана нилъер районалдаса, Шамильхъала поселокалъул ДСЮШалъул тарбия щварав ракьцояв Насрудинов Насрудин ГIамирович. Гьес ккуна къецалъулъ тIоцебесеб призалъулаб бакIги.

Бокьараб къец ккола унго-унгояв къеркьохъанасе цIар щолеб хIалбихьи. Насрудинов Насрудиница абуни ккуна гIицIго тIоцебесеб бакI гуреб, нилъер районалъул тарихалъулъ мустахIикъаб бакIги.

РакI-ракIалъ баркула Н. ГIамирович Дуда бергьенлъи, дуеги дур тренерасеги гьарула спортивиял рорхалъаби мукIур гьаризе битIккей!

Исламалъул букIон

# Садакъа кьезе ккола ракI-ракIалъ

**Диналъул аслу буго цогидаздехун гурхIел бугеллъун рукIин. Гьеб гIамалги, кигIан гьитIинаб букIаниги, Аллагьасе гIоло бацIцIадго гьабизе ккола. Рихьдае гьабураб лъикIаб гIамалги, кигIан жиндир лъикIлъи бергьараб бугониги, Аллагьасда аскIоб кири гьечIеб бугинги бицуна чIахIиял чагIаз. Аллагьасе гIоло абун гьабураб цо гьитIинабго лъикIлъиялда хурхараб, АхIмад бин Мискийн абурав Аллагьасул валиясул ккараб хIикматаб къиса рехсезе бокьун буго киназего насихIатлъиялъе букIине ва ракIал рацIцIалъиялъе сабаблъунги ккезе.**



АхIмад бин Мискийн ккола гIалимчи, гьижрияб тарихалъул лъабабилеб гIасруялда гIумру гьабун Басра шагьаралда вукIарав. Гьес бицун буго: «Унеб букIана гьижрияб тарихалъул 219 сон. Гьеб заманалда Аллагьас дир хIалбихьулеб букIана кутакаб мискинлъиги тIаде биччан, дир рокъоб букIинчIо кванaзе щибго жо. Дир хъизанги гьитIинаб лъимерги букIана. Ракъуца холел ругел нижеда ракIалде кколеб букIана кванирукъал сварулел ругин ва цинги нижеца хIукму гьабуна мина-къайиги бичун цогидаб бакIалде гочине.

Мина босизе чи валагьизе нигатгун къватIиве вахъана дун. Нухда унаго дандчIварав Абу Насрада бицана дида бугеб хIал ва мина бичиялъул хиял. Гьес дие кьуна кIиго чадил панкъ, гьоркьоб хIавлаги лъураб. Гьелъухъ Аллагьасе щукруги гьабун, дун рокъове гIедегIана. ТIадвуссун вачIунев дида дандчIвана гьитIинав васгун цо чIужугIадан. Дихъ кодор ругел панкъалги рихьун, гьей гIаданалъ абуна: «Аллагьас дуда цIоб лъеяв, гьав вас вуго бесдалав, гьасул ракъи хIехьезе кIолеб хIалги гьечIо, бегьулеб батани рухI хвасарлъиялъе кванaзе жо кье гьасие»,-ян. Гьелъухъ кодов ккурав васасул берал рихьидал, дида ккана: «Гьав васги гьасул эбелги кванaзавурав чиясе рагьараб Алжан букIина»,-абун. Цинги дица кодоб букIараб цояб панкъ кьуна гьелъухъе ва абуна: «АллагьасхIаги, дир рокъобги гьечIо щибго кванaзе жо, дуца гьаб босе васги кванaзаве»,-ян. Гьей гIаданалъ дихъа панкъ босана, гьеб бихьарав васасули берал кунчIана. Цояб панкъги кодоб ккун, рокъор ругел ракъарал лъади-лъимерги ракIалде щун, ургъалилъе ккарав дун къадал ракьанда гIодов чIана. Гьеб хIалалда вугев дида тIаде вачIана Абун Насра. Дихъги валагьун гьес абуна: «Я, Абу-МухIамад, мун гьанив щиб гьабулев, дур рокъобе меседгун-гIарац щведал?»,-ян. Дуца бицунеб щибилан гьикъидал гьес абуна: «Хоросаналдаса вачIана гIемераб гIарац-меседгун цояв, гьес цIехолел рукIана дур эмен яги нужер наслуялъул нахъе вугев чи. Лъеберго соналъ цебе гьес дур инсуда цадахъ даран-базар гьабизе байбихьун буго. Даран данде бильлъинчIеб мехалда гьев гочун вуго Хоросаналде. Гьениб гьесул ишги цебетIун буго. Гьелдалъун бечелъарав гьев гьанже Басраялде вачIун вуго дур инсуе букIараб налъи бецIизе ва лъеберго соналъ цебе кьураб гIарцудалъун данделъараб магIишатги дос рецIалие бачIун буго»,-ян.

Даранчияс кьурб гIарац-месед сабаблъун дир магIишаталда рухI речIчIана, гьелъул цо бутIа дицаги дармиде буссинабуна, цогидаб бутIа гурхIел-рахIмуялъул хасаб бакIалде кьуна. Гьелдаса хадуб дир магIишат цебетIезе лъугьана. Заманалдаса дида дильго чIухIи, дицаго гьабулеб ишалдаса разилъун, малаикзабаз лъикIал гIамалал хъвалал тIамчал цIун ратилин, Аллагьасда аскIовги кIудияб макъамалде вахун вугин абурал пикраби халлъизе байбихьана. Цо сордоялъ дида макьилъ къиямасеб къо чIун бихьана. МахIшаралда эхетараб халкъалъул гьелчолеб ралъдал карачелалда релъараб хIал букIана. Цоязул чурхдузда тIад бугоан кIуди-кIудияб раччи, цогидазул абуни – рихьизе хIинкъарал сипатал. ХIисаб-суал гьабулелъул хIинкъун сородулев дидеги щвана ирга. ГIамалал цIадирабазда лъедал, квешазул рахъ тIаде бахана. Гьеб мехалъ жеги тIадеги рачIун малаикзабазги лъикIал гIамалалги квешаб рахъалде лъезе байбихьана, гьезда гьоркьорги ругоан напсалъул унтаби, гIужбу, рияъ гIадал гIадамазда рихьизелъун гьаруралги гIамалал. Гьедин росун дир гIамалазул нахъе хутIичIо лъикIаб гIамалго. Дирго бугеб хIалги бихьун, хIинкъун чара кьосун вугев дида рагIана цо гьаракьалъ ахIулеб: «Унго хутIичIищ гьесул цоги жо?»,-ян «Буго цо хутIараб гIамал»,-ан данде ахIана цоги гьаракьалъ. Щибдай бугебан цIадирабазде валагьидал, гьениб бихьана дой нухда дандчIварай гIаданалъе кьураб цояб панкъ. Нусго динаргицин садакъаде кьолевлъун дун вукIаниги, Аллагьасда цебе къабул гьабун буоан гьей гIаданалъе кьураб цояб панкъ. Гьеб панкъалъ лъикIаб рахъ дагьабго гIодобеги цIазабуна. Хадубги, босун бачIун цIадирабазда панкъ жиндие кьедал йохун гIодарай дой гIаданалъул магIил гарал лъуна, гьелъги цIадираби жеги гIодоре цIана. Гьеб хIал букIана цIадирабазул, Аллагьасул рахъалдасан: «ХIакъикъаталдаги гьев хвасарлъана»,-ян ахIизегIан»,-ян лъугIизабуна АхIмад ибну Мискийница жиндирго хабар.

**ПатIимат ХIАСАНОВА.**

# Республика Дагестан
# Унцукульский район
## Собрание депутатов муниципального района

368950 Республика Дагестан Унцукульский район пгт Шамилькала ул.М.Дахадаева 3, тел. 55-62-87

### РЕШЕНИЕ
### О внесении изменений в решение «О бюджете МО «Унцукульский район» Республики Дагестан на 2022 год и плановый период 2023-2024 гг.» от 03 февраля 2022 года №15

**Принято Собранием депутатов муниципального района** **от «10» ноября 2022 г. №41**

В соответствии с Законом Республики Дагестан «О республиканском бюджете Республики Дагестан на 2022 год и плановый период 2023-2024 гг.», принятый Народным Собранием Республики Дагестан от 29 декабря 2021 года №91, с изменениями внесенными в указанный Закон Республики Дагестан, уведомлений Министерств Республики Дагестан, Положением о бюджетном процессе в МО «Унцукульский район», рассмотрев и обсудив представленный проект бюджета МО «Унцукульский район» на 2022 год

Собрание депутатов муниципального района **РЕШАЕТ:**

Внести изменения и изложить в следующей редакции:

**Статья 1. Основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2022 г. и плановый период 2023-2024 гг.**

1. Утвердить основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2022 г.:

1.1. прогнозируемый общий объем доходов районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2022 год в сумме 1 019853,5 тыс. рублей, в том числе общий объем межбюджетных трансфертов, получаемых из республиканского бюджета, в сумме 910347,7 тыс. рублей, в том числе: субвенция из регионального фонда компенсаций на исполнение полномочий по расчету и предоставлению дотации поселениям, входящим в состав муниципального района –64374,0 тыс. рублей, от денежных пожертвований (меценатов) по соглашениям в сумме 5297,8 тыс. рублей налоговых и неналоговых доходов муниципального района в сумме 104208,0 тыс. рублей;

1.2. общий объем расходов районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2022 год в сумме 1048846,3 тыс. рублей, в том числе, объем бюджетных ассигнований на исполнение публичных нормативных обязательств – 5573,7 тыс. рублей. Погашение муниципального долга в 2022 году в сумме 1235,0 тыс. рублей;

1.3. верхний предел муниципального долга МО «Унцукульский район» на 01 января 2022 года в сумме 23464,0 тыс. рублей, в том числе муниципальные гарантии МО «Унцукульский район» 0 рублей;

1.4. предельный объем расходов на обслуживание муниципального долга на 2022 год – 23,0 тыс. рублей;

1.5. дефицит районного бюджета МО «Унцукульский район» - 30227,8 тыс. рублей.

4. Утвердить источники внутреннего финансирования дефицита районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2022 год согласно приложению №13 к настоящему решению.

**Статья 4. Бюджетные ассигнования из районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2022 год.**

1. Утвердить общий объем бюджетных ассигнований на исполнение публичных нормативных обязательств на 2022 год – 5573,7 тыс.рублей.

2. Утвердить распределение бюджетных ассигнований по получателям, разделам, подразделам, целевым статьям и видам расходов, на 2022 год согласно приложению №7 к настоящему Решению.

3. Утвердить в пределах общего объема расходов, установленного статьей 1 настоящего Решения, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов классификации расходов бюджета на 2022 г. согласно приложению № 9 к настоящему Решению.

4. Утвердить распределение бюджетных ассигнований по получателям на 2022 год согласно приложениям №25 и 26 к настоящему Решению.

Утвердить изменения, произведенные в бюджете согласно приложениям №1,3,5,7,9,11,13,22,25,26 к настоящему решению, в том числе:

а) Увеличить средства межбюджетных трансфертов из федерального и республиканского бюджетов, поступившие дополнительно к утвержденному и к уточненному бюджету в общей сумме 1841,6 тысяч рублей, в том числе:

- Средства ФК-субвенции из республиканского бюджета на обеспечение жилыми помещениями детям-сиротам по договорам социального найма и детей, оставшихся без попечения родителей в сумме 1720,0 тысяч рублей в соответствии с целевой направленностью направить на увеличение лимитов бюджетных обязательств на 2022 год Администрации МО «Унцукульский район»;

- Средства ФК-субвенции в сумме 121,6 тыс. рублей, в соответствии с целевой направленностью, направить в бюджеты сельских поселений на выполнение переданных полномочий на разницу зарплату с начислениями по воинскому учету, где отсутствуют военные комиссариаты в связи с повышением МРОТ с 1 июня 2022г., в том числе:

- МО «село Ашильта» в сумме 14,9 тыс. рублей;
- МО «село Гимры» в сумме 14,9 тыс. рублей;
- МО «село Ирганай» в сумме 14,9 тыс. рублей;
- МО «село Харачи» в сумме 5,9 тыс. рублей;
- МО «село Цатаних» в сумме 6,8 тыс. рублей;
- МО «сельсовет Араканский» в сумме 5,9 тыс. рублей;
- МО «сельсовет Балаханский» в сумме 14,9 тыс. рублей;
- МО «сельсовет Иштибуринский» в сумме 6,8 тыс. рублей;
- МО «сельсовет Кахабросинский» в сумме 6,8 тыс. рублей;
- МО «сельсовет Майданский» в сумме 14,9 тыс. рублей;
- МО «сельсовет Унцукульский» в сумме 14,9 тыс. рублей;

б) Произвести перемещение денежных средств с резервного фонда в сумме 2470,0 тыс. рублей и направить на субсидии муниципальным бюджетным учреждениям на финансовое обеспечение муниципального задания на оказание муниципальных услуг (выполнение работ), а именно на выплаты зарплат с начислениями во внебюджетные фонды работников, в том числе:

- МБУ «Управление строительства, единого заказчика и ЖКХ» в сумме 1267,7 тыс. рублей;
- МБУ «Учреждения дополнительного образования детей» в сумме 1202,3 тыс. рублей.

5. Субсидии юридическим лицам, предусмотренные настоящим Решением, предоставляются в порядке, установленным администрацией МО «Унцукульский район».

**Статья 5. Особенности использовании бюджетных ассигнований.**

2. Установить, что в 2022 году бюджетные ассигнования на финансирование расходов по обеспечению учащихся 1-4 классов муниципальных общеобразовательных учреждений горячим питанием по норме от 61,61 рублей до 89 рублей на одного учащегося в день в зависимости от образовавшейся экономии денежных средств по фактическим дето-дням, из них 1 процент софинансирование с местного бюджета, на питание воспитанников ДОУ – 60 рублей в день на одного воспитанника.

3.Утвердить в составе бюджета Унцукульского района на 2022 год резервный фонд главы в сумме 1330,0 тыс.руб. Расход средств из резервного фонда производить согласно Положению о порядке расходования средств резервного фонда.

**Статья 7. Межбюджетные трансферты бюджету района и бюджетам муниципальных образований (поселений) МО «Унцукульский район».**

1. Утвердить распределение межбюджетных трансфертов, получаемых бюджетом МО «Унцукульский район» из республиканского бюджета на 2022 г. согласно приложению №3 к настоящему Решению.

2. Утвердить распределение межбюджетных трансфертов бюджетам муниципальных образований (поселений) МО «Унцукульский район» на 2022 г. согласно приложению № 11 к настоящему Решению, в том числе:

**Статья 11. Вступление в силу настоящего Решения.**

Настоящее Решение вступает в силу с момента опубликования.

**Председатель Собрания**
**М.Б.Юсупов**

**Глава МО «Унцукульский район»**
**И.М.Нурмагомедов**

**(Продолжение на 4 странице)**

Приложение 22
к Решению «О внесении изменений в Решение Собрания депутатов МО «Унцукульский район» «О бюджете МО «Унцукульский район» на 2022г. и плановый период 2023-24гг.» от 03.02.2022 г. №15
**от 10 ноября 2022г. №41**

# Баланс финансовых ресурсов МО «Унцукульский район» на 2022 год

*(Тыс. руб)*

| № | Доходы бюджета | сумма | | Расходы бюджета | сумма |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Налоговые доходы | 101707,00 | 1 | Расходы бюджета | |
| | - НДФЛ | 73550,00 | | 0100 | 36290,28 |
| | - Акцизы (ГСМ) | 18380,00 | | 0200 | 2182,60 |
| | - УСНО | 8950,00 | | 0300 | 3335,01 |
| | - ЕНВД | 0,00 | | 0400 | 44971,94 |
| | - ЕСХН | 197,00 | | 0500 | 67201,22 |
| | - госпошлина | 600,00 | | 0700 | 768666,52 |
| | - патентная система | 30,00 | | 0800 | 43108,06 |
| 2 | **Неналоговые доходы** | 2501,00 | | 1000 | 13280,70 |
| 3 | **Безвозмездные поступления** | 915645,54 | | 1100 | 1724,47 |
| | - Дотация | 181215,00 | | 1200 | 3688,50 |
| | - Субсидия | 83887,75 | | 1300 | 23,00 |
| | - Субвенция | 643645,54 | | 1400 | 64374,00 |
| | - Иные МТ | 1599,41 | | | |
| | - Поступления от денеж. пожертвований | 5297,84 | | | |
| | ИТОГО ДОХОДОВ | 1019853,54 | | итого расходов | 1048846,30 |
| 4 | **Источники финансирования децицита бюджета**<br><br>Получение кредитов от других бюджетов бюджетной системы РФ | -28992,77 | | | |
| | Погашение кредитов муниципальных районов от других бюджетов бюджетной системы РФ в валюте РФ | -1235,0 | | | 0 |
| | Изменения остатков | -30227,77 | | | 0 |

Пайдаяб малъи

# Кванил роцен

Кинабниги кваналеб квенги гьекъолеб лъимги малъун кванирукъалъубе ине ккола гьелъул лъабго бутIа гьабун кIиго бутIа. ХутIараб бакI гьава чIезе букIине ккола. ТIокIалъ тIаде цIикIкIине гьеб бегьуларо. КIвар букIуна щиб нилъеца кваналеб бугебалиги.

Кванирукъалъул аслияб хIалтIи буго цо бутIа квараб кванил бигьинаби. Кванараб жо хIацIугун цадахъ бачIуна кванирукъалъубе ва гьениб гьелъ бала I,5-2 сагIат.

Лъалеб букIахъе кванил рукъалда жанибе уна гIага-шагарго бащдаб литр. Амма щибаб кваналеб мехалъ тIасан ккун цIезабулеб бугони, гьеб кIодолъизе рес буго ункъго литр унедухъ.

**Щиб лъугьунеб чиясе цIакъго цIикIкIун кванани?**

Кванирукъ цIа-цIан бачIуна, гьелъ къварид гьарула аскIор ругел цогидал органал, тIадехунисан гьуърул (захIмалъула хIухьел цIазе), ракI (байбихьула кваранаб хьибилалдасан хIунсизе), квегIиса бугеб къечIалде хIал щола (дагьлъула би свери). БакIлъи бачIуна бакьаздеги. Гьелъ чиясде кьижизе гъира бачIуна. Гьелдаса хадуб жаниб бугеб кванараб жо бигьинчIого бутIа-бутIабиккун чIола, сверизе бегьула ганчIазде, цо-цо бутIаби хутIизе бегьула бакьазда жанирго рекIун, русби лъугьараб хIалалда. Гьедин чиясул цIайи тIаде бахуна ва киналго органазул хIалтIи нахъе ккола.

<u>Поэзиялда - рагъул тема</u>

# Каранда медаль барай

**(Украиналъул хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчIужу, Хунзахъ районалъул ЦIалкIитIа росулъа медицинаялъул хъулухъалъул сержант ГIабдуразакъова Асият АхIматIовналъе сайгъат гьабула)**

ГьитIинабго росулъан
Баккараб кенчIолеб цIва,
Дагъистанго чIухIарай
БахIарчияй гIолилай.

АхIулгохIда ягъарай
ГIашилтIаса Ханзадай,
Цее паркъана дида
Дур хIакъалъулъ бициндал.

ВатIаналде къо ккедал
КъвакIун церехун арал,
БахIарзал гIемер руго
Нилъер Дагъистаналда!

Нацисталгун рагъулел
Рагъухъаби цIунизе
Дуца гьабулеб хъулухъ
КIвар цIикIкIараб иш ккола.

«Дун гьений хIажат йигин»-
Дуца абураб рагIи
Гьеб гурищ бахIарчилъи,
Пикро гьабураб мехалъ.

МугIрузда жаний гIурай
Гьайбатай магIарулай,
ТIаргъилъ гъалалги гурун
Рагъда жий гIахьаллъулей.

Ниж рохизе гьабураб
Лъугьа-бахъинлъун ккола
Дуе кьураб шапакъат
Къимат жиндир кIудияб.

Машгьурав маршаласул
Жуковасул цIар бугеб,
Медаль каранда базе
МустахIикъай ятарай.

Нилъер рагъухъабазул
ГIумро хвасар гьабизе,
Асият, лъикIаб сахлъи
Кьеги дуе ТIадвугес!

ВахIшиял тушбабазда
ТIад бергьенлъиги босун,
Киналго тIад руссаги,
Гьабула дица дугIа.

# ГIашилтIаса Ханзадай

Замана хисаниги, гIемер санал аниги
Гьаб цIар Дагъистаналда жеги кIочон тун гьечIо.
Чанго шагIирзабаца гьелде кучIдул хъваниги
Диргоги хиял ккана кодой къалам босизе.

Тушбабаз асир гьаюн, инжитлъи хIехьезегIан
«Хвелго тIаде босила», пикро ракIалдеги ккун,
«АхIулгохI» цIунулаго, чIварав росасул ретIел
ТIад ретIун магIарулай, рагъуе хIадурлъана.

КIазги хьуризе гьабун, гъалараб тIагъурги лъун,
ТIаргъида чалмаги къан, къвекIаб цIумгIадин чIана.
ТIаргъида гъоркь рихьула цIалъун кенчIолел ругел
Рокьукъав тушманасде ццидахун ругел берал.

Хъатикь щулаго ккураб, хвалченги хьвагIулаго
КIанцIун ана Ханзадай, тушбабазул гурулъе,
Цо чанго тушманасда хвалилал ругьналги лъун
Гъеж тIеледухъ хьвагIулеб хвалчен буго паркъолеб.

БотIрода тIад букIараб, тIагъур гIодой бортидал
Гьелъул гъалал рихьидал рихун ккана тушбаби.
Ращалъи гьечIеб рагъда, хвалилаб ругъунги щун
Щурун шагьадат битIун, гIодой ккана Ханзадай.

РикIкIине хIал кIоларел гIолохъанал руччаби
БахIарчияб хвел босун, ана гьаб дуниял тун.
Нус-нус санал аниги, халкъалда кIоченаро
ВатIан цIунун рухI кьурал, бахIарчиял руччаби.

**ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ**
**Россиялъул журналистазул ва хъвадарухъабазул Союзалъул член. ЗахIматалъул ветеран.**

<u>Газета основана 1937 г.</u>

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

<u>Адрес редакции:</u>
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 1 .12. 2022 г.
13. 50
фактически -15. 45 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.